

# Kisa Resansman an ye?


Atik I Konstitisyon Etazini, Seksyon 2 mande chak dizan pou yo konte popilasyon peyi a

## Poukisa Resansman an enpòtan pou mwen?

- Done Resansman an trè enpòtan pou demokrasi reprezantatif nou an e li detèmine kantite syèj lejislatif nan tout nivo gouvènman an
- Done Resansman an repati alokasyon plis pase \$800 milya nan fon federal
- Done Resansman an kanalize finansman pou lekòl, bibliyotèk, lopital, lojman, ak wout



## Èske enfòmasyon mwen an pwoteje?



- Yo ka sèlman sèvi ak done Resansman an pou objektif estatistik
- Yo pa ka itilize enfòmasyon pèsònèl kont moun yo ap entewoje nan tribinal oubyen nan yon ajans gouvènman
- Yo pa ka devwale enfòmasyon pèsònèl ou bay pandan resansman an pou 72 ane
- Yo fè anplwaye biwo Resansman ki gen aksè a enfòmasyon pèsònèl yo jire pou lavi
- Pa gen okenn kesyon sitwayènte ki ap fè pati kesyonè Resansman an

## Ki moun mwen dwe konte?

- Chak moun ki rete nan adrès ou 1ye avril, kèlkeswa laj li



## Kijan yo ka konte m?



- Reponn sou Entènèt, nan telefòn oubyen sou papye

## Kilè?

- 12-20 mas 2020 - Y ap poste envitasyon pou reponn sou Entènèt
- 16-24 mas 2020 - Lèt Rapèl
- 1ye avril 2020 – Dat limit pou Resansman an

